# Қәўендерлик қайырқомлықларды муўапықластырыў Орайы жәнe өз жумысын баслады

**Қарақалпақстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлиги жанында жәмийетлик тийкарда шөлкемлестирилген «Қәўендерлик қайырқомлықларды муўапықластырыў Орайы» жәнe өз жумысын баслады.**

Image not found or type unknown

Бул ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлигиниң мәлимлеме хызмети хабар берди.

Қарақалпақстан Республикасында коронавирус инфекциясының тарқалыўына қарсы гүресиў ҳәм карантин дәўиринде халықтың социаллық қорғаўға мүтәж қатламын қоллап-қуўатлаў, жалғыз баслы нуранийлер, имканияты шекленген ҳәм тийкарғы дәрамат дереклерин жоғалтқан пуқараларға әмелий жәрдем бериў мақсетинде 1197 қысқа номери иске қосылды.

Сондай-ақ, халыққа жәнe де қолайлық жаратыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы бойынша (61) 222-05-26, (61) 222-05-24, (61) 222-00-94 телефон номерлери де сизиң қоңыраўыңызды күтпекте. Қәўендерлик қайырқомлықларды муўапықластырыў Орайына келип түскен мүрәжатлар тийкарында азық-аўқат, дәри-дармақ ҳәм басқа зәрүрли өнимлер гигиеналық ҳәм санитариялық талапларға толық әмел етилген ҳалда волонтёрлар тәрепинен пуқараларға жеткерилип бериледи.

Қарақалпақстан Республикасындағы Қәўендерлик қайырқомлықларды муўапықластырыў ҳәм волонтёрлық орайының исеним номерлери (Call-center ) ҳаққында төмендеги кесте арқалы танысыўыңызға болады.

МАҒЛЫЎМАТ

| № | Қала ҳәм район аты | Телефон номери |
|---|---|---|
| 1 | Аймақлық штаб | 1197 |
| 2 | Нөкис қаласы | 1197 |
| 3 | Әмиўдәрья районы | (61) 515-40-21 |
| 4 | Беруний районы | (61) 524-45-07 |
| 5 | Бозатаў районы | (61) 415-36-57 |
| 6 | Қараөзек районы | (61) 465-45-76 |
| 7 | Кегейли районы | (61) 412-32-47 |
| 8 | Қоңырат районы | (61) 312-27-88 |
| 9 | Қанлыкөл районы | (61) 332-11-94 |
| 10 | Мойнақ районы | (61) 322-17-52 |
| 11 | Нөкис районы | (61) 424-46-77 |
| 12 | Тақыятас районы | (61) 572-35-64 |

| | | |
|---|---|---|
| 13 | Тахтакөпир районы | (61) 435-21-57. |
| 14 | Төрткўл районы | (61) 532-50-82 |
| 15 | Хожели районы | (61) 554-10-35 |
| 16 | Шымбай районы | (61) 444-02-75 |
| 17 | Шоманай районы | (61) 346-29-74 |
| 18 | Елликқала районы | (61) 585-28-15 |

Бул номерлерге ҳәр күни саат 9:00 ден 17:00 ге шекем мүрәжат етиўиңиз мүмкин.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәлимлеме хызмети